



Department of Justice

POU PIBLIKASYON IMEDYAT

MÈKREDI 9 AVRIL 2014

WWW.JUSTICE.GOV

CRT

(202) 514-2007

TTY (866) 544-5309

KOLABORASYON ANT DEPATMAN JISTIS AK LAJISTIS NEW JERSEY POU MOUN RESEVWA SÈVIS NAN LANG LI NAN TRIBINAL YO

WASHINGTON – Jodi a, Depatman Lajistis anonse yo siyen yon akò avèk Lajistis New Jersey pou bay sèvis okonplè nan lang pou moun ki pa maton nan lang Anglè yo (LEP). Nan yon lèt ki endike akò yo te siyen nan dat 7 avril 2014 la, depatman an te fè Lajistis New Jersey konnen li t ap fèmen revizyon li te louvri pou tèt moun ki t ap itilize tribinal yo t ap plenyen paske tribinal nan de (2) konte nan New Jersey pa t fin twò aksesib pou moun LEP yo. Depatman an te louvri ankèt li nan kad Tit VI Lwa 1964 la sou Dwa Sivil, ki entèdi moun k ap resevwa èd federal pratike diskriminasyon kont orijin nasyonal epi ki egzije moun k ap resevwa èd yo pou yo bay bon jan aksè pou moun LEP yo.

Lèt rezolisyon ant depatman ak Lajistis New Jersey prezante aksyon ak pwogram Lajistis New Jersey mete anplas pou pote repons a enkyetid yo jwennn pandan revizyon federal la ak efò y ap fè pou asire yo bay sèvis a moun ki gen defisyans nan lang anglè a san rete nan tout sistèm tribinal la. An plis lòt bagay, pwogram yo gen sèvis entèprèt pou moun ki nan konfli yo, pano ki ekri nan anpil lang nan tribinal yo, sèvis pou ede kliyan LEP ki gen biznis tranzaksyon tankou kyòsk pou yo pran sèvis nan de lang poukont yo ak videyo manyèl sipò, tradiksyon plis pase 340 fòm ak bwochi, avi ki tradui, tradiksyon dokiman ki gen rapò ak nouvo zafè e zafè ki ijan, ak piblye an grann manchèt reklam pou sèvis sa yo nan kominote latino ameriken lokal yo. Lajistis New Jersey ap fè evalyasyon aksè tribinal yo tou toupatou nan eta a ak evalyasyon sèvis entèprèt ki disponib nan selil gadavi li yo pou asire tout moun LEP yo gen bon jan aksè nan tribinal yo.

Asistan Pwokirè Jeneral Pwovizwa Jocelyn Samuels pou Divizyon Dwa Sivil yo, di konsa, “Lajistis New Jersey te premye nan domèn règleman entèprèt pandan anpil ane, epi nou bat bravo pou Jij Prensipal Stuart Rabner, Jij Direktè Administratif Pwovizwa Glen Grant, ekip Lajistis New Jersey ak tout moun ki konsène ki te travay pou asire eta a premye tou nan aksè nan tribinal yo yon fason ki pi jeneral. Nou bat bravo sitou pou efò eta a ak dirijan tribinal lokal yo poutèt yo kominike avèk moun LEP ki konsène yo ak reprezantan yo pou rezoud pwoblèm sa yo.”

Plent lan te rezoud nan yon pwogram ki rele Seksyon Kowòdinasyon ak Konfòmite Federal [[Federal Coordination and Compliance Section \(FCS\)](#)] Divizyon Dwa Sivil yo pou asire tribinal eta yo respekte kondisyon aksè nan lang kise yon pati nan Tit VI la. FCS bay

oryantasyon ak èd teknik sou règleman pou sistèm tribinal eta yo avèk zouti tankou Zouti Planifikasyon ak Èd pou Aksè nan Lang [[Language Access Planning and Assistance Tool](#)] yo te pibliye pa twò lontan, epi y ap aplike aksyon sa yo tout kote nan peyi a.

Se avoka Ndid Moses avèk èd Konseye Legal Espesyal Christine Stoneman ki te rezoud zafè New Jersey.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Tit VI ak Lwa sou Lari an Sekirite [Safe Streets Act], oswa pou jwenn kopi dokiman ki gen pou wè ak zafè sa a, tanpri ale nan sitwèb LEP la. Yon tradiksyon nan lang Panyòl piblikasyon sa a pral disponib byento nan [sitwèb](#) Lajistis an panyòl [Justice en Español].

14-360

Divizyon Dwa Sivil